

KÒMAN POU FÈ BIZNIS AVÈK KOMIN ORANJ

- **KÒMAN POU FÈ BIZNIS AVÈK KOMIN ORANJ**
- **KÒMAN POU RESEVWA KOPI DEMANN YO AK PATISIPE?**
- **KISA KI NAN PWOSEDI KONTRA YO?**
- **KISA KI NAN EGZIJANS GARANTI YO?**
- **ANTREPRIZ MINORITE AK FANM (M/WBE)**
- **DWA POU PWOTESTE**
- **ENFÒMASYON SOU PÈMAN**
- **KADO AK JÈS GRATIFIKASYON**
- **RÈGLEMAN SOU ETIK FOUNISÈ YO**
- **KÒMAN POU KONTAKTE DEPATMAN ACHA A**

KIJAN POU RESEVWA KOPI DEMANN YO AK PATISIPE?

SIT ACHA AN LIY: Depatman acha a mete an plas yon sistèm acha an liy ki voye mesaj otomatik sou imèl founisè ki enskri yo pou enfòme yo sou pwojè ki gen rapò avèk kòd kategori yo te chwazi yo. Ou ka ale sou lyen sa a pou jwenn aksè ak pwogram sa a: <http://www.ocfl.net/eProcurement> epi klik sou ABÒNE pou swiv enstriksyon yo pou kreye yon **Pwofil Antrepriz**. Li enpòtan pou nou konnen paske w te fè biznis deja an avèk Komin nan sa pa vle di ke w tou enskri otomatikman nan sistèm nan.

Apresa, yap ajoute w nan yon lis founisè pou kategori kòd ke w te endike yo. Nap ankouraje founisè yo pou ale sou sit acha anliy lan regilyèman pou asire yo ke yo okouran de tout demann ki ka enterese yo.

Founisè yo ka soumèt òf ak repons yo anliy dirèkteman sou platfòm sekirize sa a. Gen yon ekip teknik kap jere platfòm sa a an dirèk.

- Tchat (prefere): Klike sou bouton ki anba nan kwen adwat paj wèb la.
 - Imèl: procurement-support@opengov.com
 - Telefòn: 1 (855) 680-4747
 - Orè: Lendi-Vandredi 8è am pou rive 8è pm LÈ ÈS

KISA KI NAN PWOSEDI KONTRA YO?

Objektif prensipal Depatman Acha a se pou achte sèvis oswa machandiz ki nan bon kalite, bon kantite, nan bon moman, nan bon andwa ak ki nan bon pri. Tout acha yo, eksepte sa yo ki fèt nan Òdonans Acha, nan ka founisè inik oubyen nan ka kondisyon ijans, nòmalman fèt atravè yon sistèm konpetitif demann fòmèl e enfòmèl,

Komin nan itilize metòd kontra sa yo pou achte byen ak sèvis:

- Ti Acha (Jiska \$10,000) :
Nou achte bagay nou gen bezwen ki koute jiska \$10,000 nan mache piblik la avèk oswa san konpetisyon. Sepandan, nou fè tout efò nou pou achte nan men founisè ki gen sètifikasyon M/WBE.
- Pwopozisyon Pri Enfòmel (Ki plis pase \$10,000 jiska \$150,000):
Nou achte bagay nou gen bezwen ki koute plis ke \$10,000 jiska \$150,000 atravè yon minimòm 3 pwopozisyon pri nan men founisè chwazi, kote youn nan yo dwe yon founisè ki gen sètifikasyon M/WBE, si l posib. Founisè yo dwe pran anpil prekosyon pou soumèt pri yo avèk presizon. Depatman Acha ap bay kontra a ak founisè ki soumèt pri ki pi reaktif e responsab la.
- Envitasyon Sele Fòmèl pou Soumisyon (IFB) (Ki Plis pase \$150,000)
Soumisyon pri sele yo fèt atravè yon envitasyon soumisyone (IFB). Dokiman soumisyon yo se yon dosye ki prepare avèk tout espesifikasyon ak kondisyon ki enkli atik soumisyone yo, inite ak kantite total yo bezwen yo, enstriksyon pou soumisyon an, enfòmasyon pou livrezon ak tout egzijans espesyal soumisyon an. Dat yo mete pou piblisite ak ouvri soumisyon yo ladan tou. Depatman Acha a ap bay kontra a ak founisè ki soumèt pri ki pi reaktif e responsab la.
- Demann pou Pwopozisyon (RPP) (Plis pase \$150,000)
Nou souvan itilize demann pou pwopozisyon pou acha sèvis pwofesyonèl

(achitèk-enjenyè), sèvis espesyalize oswa ekipman ki trè teknik. Anplis de pri, nou bay kontra a daprè evalyasyon plizyè kritè, pam yo: eksperyans, kalifikasyon, patisipasyon nan M/BWE, pèfòmans pase, ak lòt faktè. RFP yo fèt pou chwazi meyè pwopozisyon an daprè kritè ki endike nan RFP a. Kontrèman ak espesifikasyon detaye ki nan soumisyon sele fòmèl yo, RFP a generalman gen yon ansanm objektif ak yon dimansyon travay ki dwe akonpli.

KISA KI NAN EGZIJANS GARANTI YO?

Lè yon soumisyon/kontra depase \$100 000, nou ka mande pou gen garanti (jan sa endike nan demann lan). Toudepan de kalite pwojè a, ou dwe founi youn nan nan (3) kalite garanti sa yo:

GARANTI POU SOUMISYON

Nou sèvi ak garanti pou Soumisyon kòm yon mwayen sekirite pou sizoka soumisyonè ki seleksone a ta refize oswa neglige egzekite kontra alekri obligatwa a e/oswa pa ta rive bay garanti sou pèfomans ak garanti sou pèman obligatwa yo nan delè 10 jou apre publikasyon Avi pou Akòde Kontra a. Nan yon sitiayson parèy, Komin nan ap konfiske montan garanti soumisyonè a (Garanti pou Soumisyon an).

- Ou dwe soumèt li ansanm ak pwopozisyon soumisyon w lan
- Li dwen gen valè ki omwen di pou san (10%) sou pwopozisyon Soumisyon Debaz la.

Lè nou mande garanti pou Pèman ak Garanti pou Pèfòmans, yo dwe egal a san pou san (100%) montan total Kontra nou akòde a.

GARANTI POU PEMAN

Pwoteje Komin nan kont pwochè ki ta rive si kontraktè a pa peye dét li fè pandan egzekisyon kontra a.

GARANTI POU PÈFÒMANS

Asire pèfòmans fidèl a obligasyon kontra a enpoze sou kontraktè a. Li obligatwa pou kontraktè yo anrejistre garanti yo nan achiv publik daprè jan Lalwa Eta Florid mande l nan Chapit 255.05 la.

ANTREPRIZ MINORITE AK FANM

Komin Oranj pran angajman pou atenn objektif Antrepriz Minorite ak Fanm yo (M/WBE) ak bay tout moun menm chans lan pou jwenn travay. Pou kèk kalite kontra, Komin nan enki egzijans patisipasyon M/WBE yo. Pou acha ki rive jiska

\$100.000, Komin nan ka negosye dirèkteman avèk yon antrepriz M/WBE epi ba li kontra a.

Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram M/WBE Komin nan, kontakte Depatman Developman Biznis lan nan 407-836-7317.

DWA POU PWOTESTE

Tout soumisyonè oswa pwopozisyonè aktyel oubyen potansyèl ki ta santi yon mekontantman an rapò ak akòde yon kontra ki an kou, kapab soumèt yon doleyans devan Direktè Depatman Acha a. Yap antreprann yon pwosedi kòmsadwa pou rezoud tout pwotestasyon. Pwosedi pwotestasyon yo preskri nan Òdonans Komin Oranj lan.

Pou tout enfòmasyon sou “lobbying”, peryòd entèdiksyon ak pwosedi pwotestasyon, Tanpri ale sou sit sa a:

<http://www.ocfl.net/VendorServices/VendorProtestProcedures.aspx>

ENFÒMASYON SOU PÈMAN

Tout fakti dwe ale dirèkteman nan adrès depatman/divizyon ki mansyone nan kòmann acha [oswa livrezon an](#). Sèvis ki ka pi byen reponn kesyon konsènan pèman yo se Depatman Finans Komin nan - 407-836-5715.

Fakti yo dwe genyen chif egzak pou kantite yo, pri inite, ak pri total daprè jan sa mansyone nan kontra a, [kòmann acha oswa livrezon an](#). Pa gen okenn pèman kap fèt pazavan reprezantan otorize Komin nan resevwa e aksepte machandiz ak sèvis yo.

Sistèm Acha enfomatize Komin nan angaje fon yo nan menm tan kòmann lan antre. Yo poste kòmann acha [oswa livrezon](#) an menm jou a epi li tou pare pou fè pèman imedyatman yo fin resevwa e aksepte machandiz ak sèvis yo. Komin nan trete majorite fakti pou pèman yo nan lespas trant (30) jou e li akselere pèman lè gen rabè siplemantè ki ofri pou pèman rapid. Tout pèman dwe an règ ak lwa sou Rapidite Pèman Gouvènman Lokal la.

Komin nan gen egzanpsyón pou Taks sou Lavant nan Eta Florid. Komin nan ka bay yon Kopi Sètifikasi Egzanpsyón pou Taks li yo, sou demann. Si Komin nan ta resevwa yon fakti ki ta gen taks ladan, yap retire montan taks la epi peye diferans lan.

KADO AVÈK JÈS GRATIFIKASYON

Règleman Komin nan sou Acha entèdi akseptasyon kado nan tout moman. Anplwaye yo pa dwe devni redevab anvè okenn founisè epi yo pa dwe patisipe nan okenn tranzaksyon Komin nan kote yo ka benefisyé dirèkteman oubyen endirèkteman.

RÈGLEMAN SOU ETIK FOUNISÈ YO

Règleman sou Etik Founisè sa a kouvri yon gran kantite pratik ak règleman komèsyal. Li pa kouvri tout pwoblèm ki ka rive, men li founi yon ansanm prensip debaz pou gide tout anplwaye, dirijan ak administratè konpayi yo kap fè biznis ak Konsèy Komisyonè Komin Oranj yo.

Fondman etik founisè a repoze sou respè li genyen pou lalwa, keseswa nan tewori oubyen nan pratik. Tout anplwaye, dirijan ak administratè dwe respekte e obeyi tout lwa ak règleman ajans ke yap fonksyone avèk li a.

Egzijans pou founisè kap fè biznis avèk Komin:

- Yo dwe divilge tout konfli denterè rapidman.
- Yo pa dwe tire pwofi nan yon konfli denterè ki konsène yon anplwaye Komin nan.
- Yo pa dwe gratifye anplwaye Komin yo pou reyalizasyon aktivite ki gen rapò ak responsabilite ofisyèl yo.
- Yo pa dwe kontribye nan politik ilegal
- Yo pa dwe tire pwofi, dirèkteman oubyen endirèkteman, nan itilizasyon konesans ak done sekrè oubyen konfidansyèl Komin nan ke yon anplwaye te divilge ilegalman.
- Yo pa dwe enfliyanse, ni eseye enfliyanse oswa fè enfliyanse okenn anplwaye Komin nan pou egzèse fonksyon ofisyèl li nan yon fason ki ka deranje onètete l oswa jijman endepandans li.
- Yo pa dwe lakòz oswa enfliyanse, ni eseye lakòz oswa enfliyanse okenn anplwaye Komin nan pou itilize, oswa eseye itilize pozisyon ofisyèl li pou jwenn privilèj oswa avantaj ki pa jistifye pou founisè a oswa nenpòt lòt moun oswa antite.
- Yo pa dwe voye kado pou fèt, kado pou inogirasyon biwo, jès apresyasyon, oswa lòt objè ki gen valè bay Divizyon Acha Komin Oranj lan oswa anplaye li yo. Anplis, li pa apwopriye pou envite anplwaye Divizyon Acha yo pou al manje, nan fèt, evènman espòtif, espektak, ak lòt fonksyon sosyal similè.
- Yo dwe rapòte rapidman tout konpòtman ilegal oswa kontrè ak etik.

KOMAN POU KONTAKTE DEPATMAN ACHA A

Tout acha Komin Oranj yo fèt daprè preskripsyon Depatman Acha a ki sitiye nan adrès 400 E. South Street, 2em Etaj, Orlando, Florida 32801. Nimewo Telefòn nou se 407-836-5635 e nimewo faks nou se 407-836-5899, oubyen ekri nou nan adrès imèl: Procurement@ocfl.net.